

# RE-FRESH PROGRAM

Revitalizasyon Restoran Alimantasyon ak Etablisman yo pou Stabilize Pwogram Olistik (Re-FRESH) ki ap sipòte biznis ki anba kay an brik ak mòtye ki te sibi yon enpak negatif pandan pandemi COVID-19 la.

## KONSÈNAN PWOGRAM LA

Objektif nou se pou kreye estabilite pami ti biznis manje yo, restoran, tavèn, ak ba yo. Pandan uit (8) mwa ki sot pase yo, patisipan nan Pwogram Re-FRESH yo kreye yon plan pou reyaktif biznis yo, fikse objektif pou rekanpe aprè frap pandemi a.

Biznis yo kapab resevwa jiska

# \$15,000

Ti biznis yo ka resevwa finansman konplè, finansman pasyèl, oswa okenn finansman.

## KALIFIKASYON

Pami biznis ki kalifye yo nou jwenn biznis manje, ba, restoran, tavèn, ak magazen ki vann ji. Biznis yo dwe reponn ak kritè sa yo pou yo kapab kalifye pou Pwogram Re-FRESH la:

- anplwaye 30 oswa pi piti moun
- pa rantre pi plis pase \$3 milyon dola pou revni anyèl yo a
- te fè fas ak yon difikilte ekonomik ki rive dirèkteman akòz pandemi COVID-19 la
- Ou pa gen okenn pwoblèm avèk Vil Boston an, ou pa dwe lajan taks kòm pwopriyetè kay, pwopriyete pèsònèl, oswa taks taks sou machin a motè

## DAT ENPÒTAN

Lansman dezyèm etap pou aplikasyon sibvansyon yo: Lendi 29 jiyè 2024

Sesyon enfòmasyon:

Sesyon 1: 5 out 2024, 4:00 pm pou 5:00 pm

Sesyon 2: 29 out 2024, 9:00 am jiska 10:00 am

**Dat limit pou aplikasyon dezyèm etap aplikasyon an:** Vandredi 13 septanm 2024

Aplike pou Pwogram Re-FRESH la nan [bit.ly/refresh\\_hc](https://bit.ly/refresh_hc)